



Pou Piblikasyon Imedya: 27/1/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ISTORIK NEW YORK YO POU KOMEMORE JOUNEN ENTÈNASYONAL OLOKOS LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo pral limen jòn aswè a, 27 janvyè, pou make Jounen Entènasyonan Souvni Olokòs (International Holocaust Remembrance Day) la. Òganize nan kad anivèsè liberasyon Auschwitz-Birkenau a, Jounen Entènasyonan Souvni Olokòs la komemore viktim Olokòs yo, ki te lakòz اساسina yon tyè nan pèp Jwif la ak plizyè milyon manm lòt gwoup majinalize yo.

"Nan jou solanèl sa a, Nouyòkè yo solidarize ak kominote jwif la pou sonje plizyè milyon moun ki te pèdi lavi yo pandan Olokòs la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral onore pou tout tan memwa moun yo te touye yo pandan n ap fè ve pou n fini ak antisemit ak tout fòm rayisans nan eta nou an. Nou dwe viktim yo, sivivan yo ak fanmi pa yo sa."

Moniman istorik ki pral limen an rekonesans ak Jounen Entènasyonan Souvni Olokòs la enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonan Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.
- Moynihan Train Hall

###